- СощIэ... Псори кьызгуроIуэ. Сызэхэпхрэ, псори кьызгуроIуэ. Ауэ, сынолъэIу. Мы си бгъэм кьыщIыпхуэщуа гурыщIэм хьэтыр гуэр иIэххэмэ, унэмыкIуэ, - пащащэм и Iэ иубыдар Алэдамэ и гум хуехь.

Удынэ хэзыху псори и фIэщ мыхъу хуэдэ, нэпс кьызытеува и нащхъуитIыр еIэтри, щIалэм и нэгум йоплъэ.

- КьыщыщэщIэушар, жьIпIа? - щэху дыдэу щIоупщIэ, тепыIэжу.

- Зызгъэгуами, кьызгурыIуащ ар. Сэ уэ Iэджи бжесIэжьын хуейщ, иджыпсту зэман димыIэми. Ауэ, зэгъащIэ - къэплъэжащ си нэр. КьызгурыIуащI иджы си нэгум уи теплъэр щIыщIэмыкIыр, уи щIэр си щхьэм иуфэ-раззу щIитыр. Апхуэдизэ зэман дэкIауэ, мо псыхъуэжьым си лъэр кьыщIсыхьэсыжам кьыщыщIдзауэ гъуазэ ухуэхъуауэ. Уи нэхум сыкъыкIэлъыкIуэурэ, си псэ гъуэщам кьыцIыхужащ гъащIэм и Iэфыр. СынолъэIу, стумыхьыж кьыслъихьэжа гуГъэр - зэнмыкIуэ. Кьэзгъэзэжьну псалъэ быдэ уэот, Удынэ. Ауэ сыщIэпсэун, сыкъызыхуекIуэлIажьи си щIыбагъ кьыдэнэн хуейщ. Сызэхэпхрэ, унэмыкIуэ! - Алэдамэ апхуэдизкIэ быдэу зэщIиубыдат пщащэри, Удынэ щеIущащэкIэ, и Iупэр бзылъхугъэм и тхьэкIумэм лъэIэсурэ и щIыбэр игъэтхытхырт.

Нэрыбгейр, пэжщ, щIэхъуэпсыр абы, ауэ зэгуэкIуа щIалэм и гу щIыIэр кьызэригъэзэвыжьну щIыкIэр кьыхуэщIэрэтхъыми, мис мыпхуэдэу, щIыхуэту Iэпплъм ижьбзыхьу нэху кьытетщхьэну игуГъэххакъым. Iэджэр и нэгу кьыщIигъэхьэрт абы и гурылъэм Алэдамэ кьыпIэджэжауэ, ауэ апхуэдэу IэфIу ищIакъым гурыIуатэ псалъэхэр.

Удыни Алэдамэ и Iэпкльпэпкъыр зэщIэзыкъуэз дэщI щIыIэжьэр зыщадзу, Iэфым хуэлIа Iэпкльпэпкъэр хуабагъэмкIэ зэдзэгушэну хьэзырт...

- Сэ кьэзгъэзэжьнщ, уэ гуащэм щIыгъуу мыбы кьыцIыну. Къэкуну псори зыми ищIэркъым, быдапIэм кьебгъэрыкIуэIамэ, бзылъхугъэжрэ щIыкIуэхэмрэ гъэпщкIун хуейщ. Ауэ, сыкъэгъэгугъэ зауэм и лыгъейм зныхъэмыхьэну! Псалъэ кьызэт уныткIэлъымыкIуэну! - хегъэзэыхь Алэдамэ нэрыбгейр.

- КIуэ. Угувэ, - иджыпсту Iурымэхьи-кIынукъэ жьIпIэу, щэхуу, щабэу жэуап итащ Удынэ.

- ФIыкIэ, - щIыбкIэ икIуэтурэ, щIэкIыжащ Алэдамэ.

Удынэ и щхьэр щIыкIащ, мащIэу пыгуфIыкIри.

Тхъэ елъэIуэр, Гъэзгу махуэкIэ нартыдзэр иригъажьэу, нэхумышIым чэщанэм и щхьэм зы нэрыбгей кьытеуваащ, гугъэмрэ гуфIэгъэмрэ кьызэщIиIэтауэ и нащхъуитIыр кьигуфIыкIыу зауэлIхэм кьакIэпльыплъу.

* * *

АСКЪАЛЭ и Iэшэлъашэм мэуэтыдзэм уэрищу зыщиукъуэдийри, зэрыжаIам хуэдэу, льэныкъуиплкIэ ебгъэрыкIуащ зэрыльтхуакIуэхэм. Ищ. хъэрэкIэ - щэрмэтхэмрэ мэуэтхэм я Iыхьэ щанэмрэ щэрмэтыпщ Льостэн я дзэзешэу; ипщэкIэ - арыкъейхэмрэ мэуэтхэмрэ Тотрэш я гъуазэу; тенджызьмкIэ - щындхэр; къэкIыпIэмкIэ - тэрэуэтхэмрэ Щэуей кьиша агъыреIэхэмрэ мэуэтыдзэм и Iыхьэ щанэр щIыгъурэ, Адэмей я уэртету кьаухъуреихьащ кьалащхьэ. НэжьгъущIдзэр мэзаIэ кьыщIэнауэ хьэзыру кьащIитт, тенджызьмкIэ фIыщIэм зыщиIэтмэ, ар я пIалъэу зрачыну.

Дауи, дэрдэнейхэм ящIэрт мэуэтхэр я кьалащхьэм, гува-щIэхамэ, кьызэрыкIэльгъаззэжьнури, хузэхъэзыу кьыщIэкIащ. ЦIыганIэм кьытрагъэувa мывэгъэпатэхэр хьэуазэ мафIэ топкIэ кьауэздым-къуэтIыппщIым, кьауэздым-къауIыпщIыр, нартыдзэм мафIэсыр кьыхалъхьащ. Iугъуэ щхъуэфIыщIадзэр Iуву нартыдзэм щIехури, нэр щIесыкI, етхьэлэ, здэкIуэр ильагъужьрыкъым. Ауэ щыхъуэм, зи хэщIапIэр фIыуэ зыщIыкъуэ мэуэтхэр нартыдзэм япэ йоувэри, нэрыуфIыщIуу кIуэцIракъутыкI. БыдапIэм и щхьэм кьытеува шабзауэхэм шабзэшэ бжьгъэншэхэр нартхэм кьыхаутIыпщхьэри, Iугъуэ Iувым хэт нартыдзэм и пэIущIэр кьыззэфIагъэщэтащ. Иужь итхэм кьэхъаер кьагурыIущи, я шэпэудзхэр Iэтауэ зрач. Мывэ кьалэм и кьуэкIыпIэ блыныр псощи, абы ущхьэпрыпщын хуейкъэ! КIапсэ Iэплэхэмрэ пкIэльыбзэ кIыхьышхуэхэмрэ зэпаIэгъэ лъэсыдзэр кIуэцIрокI. Абы хэту, мывэ кьалэм и гуущIыбжэ абрагъуэхэр яIэт, зэрыгъэкIийуэ дэрдэнейлъэсыдзэр кьыдолъэтри, кьебгъэрыкIуа, Iугъуэм хэгъуэщыхьа нартыдзэм кьыпожьэ.

Нарт хэм я Iэхуэр щагъэпсынщIащ абыхэм - бийр езыр-езыру быдапIэм кьыдэкIащи, зытебгъкIэну, кьалэм удыхьэнуи нэхъ тынш хъунущ. Аращи, джэтэрыбзэр яблэ.

- Алыджхэм зэуэкIэ ямыщIэжура? Щхьэ кьызэрыдзха быдапIэм, нэщанэуапIэ защIу? - игъащIэгъауащ Щэуей.

- Кьыззэрахъуреихьар кьагурыIуамэ, лIыгъэм зрагъэхь хъунщ, - и пащIэкIэм щIогурыIуэ тэрэуэтынщ Къарэшу.

- Фызэрригурэ зэуэкIэм дэрдэнейхэр. Зыгуэр ягу ильщ абыхэм, - хэгупсысыхьауэ, и нэщхъым кьыщIоплъ Адэмей.

- Зиусхьэн, алыджжэр зауэлI лъэпкъщ. Абыхэм я псэр пытыкъу икIуэтынкъым, нэрыуфIыщIщхьэрыуэу я щхьэр зыхалъхьэн Iэхуи кьрахьэжьанэхьам. Адэмей жиIэр пэжщ, бзаджагъэ гуэр ягу ильщ мыбыхэм. Ауэ сытми кьыдэкIакъым лъэсыдзэр быдапIэм, - щэху дыдэу жиIащ Тыуар ижьырабгъуу кьыщыт Алэдамэ.

- ЛIо тщIэнр? - ткIийуэ еупщIащ Тыуар и гъусэхэм.

- ЗымащIэкIэ дыпэплъэнщ адэкIэ ящIэнум, - пщым и сэмэгурабгъумкIэ кьыщыIуащ Адэмей и макъ гъуагъэр.

- Алыджжэр нэхьыфIу уоцIыкъу... Уэри ара жьыпIэр, щIалэ? - Щэуей Алэдамэ зыкьыхуегъазэ.

- Зыпщэжьэну, - жэуап щыпкъэ итыжащ щIалэм.

Зэ IуплъэгъуэкIэ дэрдэнейхэр ажал гъущэ лъыхъуэу кьызэрехьэжьами, алыджжьуэхэм кьагурымIыуу аратэкъым мэуэт шууейхэр хьэщхьэрыIуэдзэу кьахэлъэдэнкIэ зэрыхъунур. Ауэ кьыщIыгъэлъэгъуа пщыгъуэмрэ щIыгъуэу, пежьащ зы.

- Хьарзынэу дыззэхуащ, мэуэтыпщ, тхьэжэр кьыдэхьупсу! - япэ зыкъриГъэщащ алыджжьуэм.

Пагэу зызыIыгъ, зи нэгум шынэ кьримыкъ щIалэщIэ хабзэншэр кьызэрещар игу ирихьакъым Тыуар.

- И фIыгъуэ дыдэм уикIуэтыжати, кьызгурыIуэщакъым, Ахей и кьуэ, - пэджжащ абы мэуэтыпщыр.

- Псалъэмакъым кIыхьлIыхь зедмыгъащIу дызэгурыгъаIуэ, Тыуар, - игурэ и щхьэрэ зэтелъщ щIалэщIэм.

- Сэ уэ сыбгурыIуэным ущIэхъуэпсу си хэку укъижьакъым. Псыхъуэр бубудыну, бзаджэ уигу ильу укъэкIуа-кIуэ, ар ззэгъэзэгъын хуейуэ уогъэув иджы! Сыт хуэдэпщ ар зыдэнур?! - жи Тыуар.

- Нобэ лъышхуэ дгъэжащ, уэри сэри лIы хахуэ куэд тфIэкIуэдащ. Зауэ щIыхьэкIэ, араш хабзэр. Куэдщ, дрикъунщ,хьэдэу зэтетлъхьаи...

- Дахэу уопсалъэ, ауэ узыхуейр Iэрылъхьэ умыщIауэ уежьэжьнукъым ар, ар быдэу сощIэ, - мэуэтыпщым кьызэпеуд алыджжьуэр.

- Зэ догуэт! Мо уи гъусэр хьэтыпщым и хъумакIуэракъэ?! - нобэрей махуэм илъэгъуа псом нэхърэ нэхъыбэу Еней игъащIэгъауащ Алэдамэ зэрыхуэзэжа щIыкIэр. - ЦIхьэ мыбы укъыщыхута?

Алэдамэ щыму йоплъ абы, и нэщхъыбгъум, нарт хьэлъу, укъытекъащ, зыбгъэтгъусэри, укъежьэжащ. Ар лIыгъэ?!

Алэдамэ ерагъыу зызэтрIыгъэу арат. Къытричу дэрдэнеипщым шабзэшэр и натIэм хигъэтIысхьэным зымащIэ тIэкIут иIэжыр. Хуэм-хуэмрэ пэпщэн щIэзыдзэ, и хьэдзэгъэмкIэ тебгъэ щIалэм ЩIэуей гу кьыльытэри, щэху дыдэу кьызэпсэлъэкIащ:

- Укъыщимыгъэтхъ, щIалэ! Зызэтеубыдэ зэ!

- Уэ пхуэдэкъым нартхэм тепсэлъыхьыр! ЗыгъэкIащIи, узыуейр жьеIэ, Еней! - и макъым зригъэIэтащ Тыуар.

Дэрдэнеипщым и щIыхьыр зэрыхаутэр и щхьэм нэсщ, щыму тэлайрэ нартхэм къахэплъэри, жиIащ:

- Пэжщ, мэуэтыпщ. Дэ уи псыхъуэр хьэдзэуну дыкъэкIуащ. КъухьэлIэмкIэ зыщIыщIэта Iугъуэр и щIыхьэщ си щхьэм зыгъэзэгъэсхьыжам. Ауэ щыхъукIэ, дызэрыкIуэжьи кхъухь диIэжкъыми, кьыстхуэнэр зыщ - зыгъэм пыдощэж. Сэ сытекIуэрэ - Iуэзв и Iуфэр хуит кьыщIоущIри, фыкъыкIэлъэгъуаззэкъым. Льэпкъэу дыкъыщыщIыскIэ, дыбэгъэун хуейщи, уи нэрыбгейкэр ди къуентхъщ.

- Дэ дытекIуэмэ-щэ?! - и пащIэ фIыщIэм щIогуфIыкI Тыуар, апхуэдэ хэхъунмэ, я дэрдэнеилIэр жейм хэту нэрыбгейхэм зэрыфIагъэжьыжьнум щэч кьытримыхьэу.

- Фэ фытекIуэмэ, фытекIуащ. Ауэ, зэгъащIэ - зы дэрдэней зауэлI и псэр Iуту зынитынкъымэ, зы къэмынэу дызэтевуркIэн хуейуэ аращ, - ткIий къохуэ Еней.

- Уи гур ибэтыкIаи! Дунеижьым зэи фытемытыххам хуэдэу фыбзэхьжауэ бжьы, хьэмысэкI! - дэрдэнейм нартыдзэр щигъэдыхьэшхыу, ину жиIащ Тотрэш.

И бийр кьызэрыщIэнакIэм, лIыфэ къызэрырамыплъым Еней Iэл фIыщIэу кьызэщIигъэнами, бзаджэу пыгуфIыкIа мыхъумэ, закъригъэщIакъым.

- Нартхэр дыхьэщхьэрыуэкъым, зэрыхуэбгъэфащэм хуэдэу. ЦIыхугъэрэ гущIэгъуэрэ зэрытхэлъым и щIыхьэту, мыпхуэдэу дызэгурыгъаIуэ... КъыхэщыпыкIа защIэу лIы щэ ныкъуэ кьыбогъэув, сэ абыхэм нартитху япэщIыхьогъэувэри, си хъуэ къихьым ейщ псы Iуфэр. ДытекIуэрэ - мэз ди куэдщ, мазищ пIалъэ фызот, кхъухь фощIри, фи хэкум фогъэзэж. ФытекIуэрэ - махуэ фхухъу мы щIыналъэри нэрыбгейхэри. Ди лIыгъэ кьимыкьынур ди насып кьремыхь! - хэкъузауэ жиIащ Тыуар.

НэжьгъущIдзэм и пашэм арзэыуэ и щхьэр ищIащ, кьытхуэпщIыр ди унафэщ жыхуиIэу.

- Ерэхьу! - кIэщIу арэзы техьащ абы Енеи.

- Зывгъэхьэзыр! - и шыр кьриIуэнтIэкIри, кьежьэжащ Тыуар.

- Зиусхьэн, дауэ нэрыбгейхэр иут дэрдэнеипщым?! - кьыгурыIуэртэкъым Адэмей.

- Илъэситху мэхъу нэжьгъущIыдзэр кьызэрытхэри, иджыри кьэс кьыпхуэмыщIыхуауэ ара, Адэмей?! Ахэр зыхуэпэжыр дэрдащ, ялIхэр зэтраукIэнурэ нагъэзэжьнущ, щIым и Iунэм дыщыIэми. Хэт хэувэнур дзэгъащIэм? - нартыдзэм хэплъащ мэуэтыпщыр.

ГукIэ зэрыщIэм хуэдэу, арыххэу дзэм кьыхэкIуэтащ Щэуей, Тотрэш, Адэмей, Алэдамэ, Жан сымэ.

- Уи фIэщ, цIыхубз? - нэмыплъ хуищIу, хэуплъэкIащ абы Щэуей.

- Уэ укъэзылъхуам укъимылъхуатэмэ, нартхэ зы лIыхъужь хуэнэму дыпсэунут. Ущхъхэ, абы нэхърэ сымынэхъ тIасхъэу! - щыдыхьэшхащ абы Жан.

Щэуей и нэ кьилыдыкIыр пщащэм триубыдащ.

- АтIэ, псэууэ мы зэхэуэм укъыхэкIмэ, унэгущэ ухэхъэхьну! - ифIащ дыдэт лIыхъужьым.

Жан абы зыри пидзыжакъым, и щхьэр ищIа мыхъумэ.

- Сэ бзылъэ си фIэщ мэхъу сыкъыззрывмыгъэщIэхъунур. Дэтхэнэри лъэпкъым хуэфащэн бину фыльэрызэхьащ. Тхьэхэм я нэфI къыщхьэхуэ! Псалъэр лейщ, псори фощIэ, зэхэфхащ. Сыщфуогурэ! - гугъэ нэху хэлъу, кIэщIу захуигъэзащ абыхэм Тыуар.

Зауэ тхьэрыуэр зэфIэкIщ, дзэгъащтэм хэтхэм фащэ плъыжькIэ зыкъаухуапэщ*, я щIалэхэм арэ джанэхэмрэ зыщакъуэзэкри, нартыдзэм инэ къиуващ. Еней и зауэлI щэ ныкъуэ кьыхэщыпыкIар абыхэм къапэщIигъэуващ, езыр жьыжьу кьэуварэ, я гур хэхъуэу къакIэпльыплъу. Е улIэн, е улIын жьыуIэращи, гъащIэ Iугъум и зэхэкIыпIэм наIуэ кьыщIынут псори.

- Дыгъэр йотIысхьыж, кIыфI кьыттехъуэмэ, ди Iуэхур кьызэщIэнущ. ПсынщIэ-псынщIэу зэфIэдвгъэуд мы хьэIуцIыдз гупэр, - и плIэр зэригъакIуэу, и пщэгурыгъыр зэригъэлъэлъурэ жиIащ Тотрэш.

- ЩIэуейрэ сэрэ дынэхь Iэчльэчащ, нэхъ лIыхъужьэр дыдейщ, - кьапэщыт гупым яхэплъэурэ жиIащ дзэпщым.

- Мо шууейр армырми псом нэхърэ нэхъ абрагъуэщ, а зыр шым щIэшэсар сыт? - пыдыхьэшхыкIащ Тотрэш.

- Ар сэ кьысхуэзгъанэ! - и щхьэщ кIыхьыр ишыхьри, таж пыIэм щIигъэпщкIуащ Жан, бзаджэу кьыщIэпльу.

- Уи гугъэ? - игъэщIэгъауащ ар ЩIэуей.

- А домбейр уи пащхьэ кьыщIэмыгъэщэтэхмэ, сумыIэ! - игурэ и щхьэрэ зэтелъу пщащэр абы хуоплъэкI.

Зыри зэхэзымыхьжу, щыму инэкIэ плъэр Алэдамэ и закъуэт. Дэрдэнейхэм я бгъэкIэр зыщIэж щIалэм куэд зэхуигъэхьурт, куэдым и щхьэр хуэзарт. Абы кьыкIэIэуэгъэкъым лъэпкъ псом зэхахьу Еней кьыззрыщIэнэкIар, альандзэр и гум цIыхьуа щэхур, кьыгуилъфу, утыку кьызэрырихьар. А псори зырикIыц... БлэкIа Iуэхущ. Еней и адэ и кьуэщ, абы хьэрэмагъкIэ и гур щIыщ. Хэлъщ а залымри бзаджэри.

Алэдамэ и Iэ сэмэгум Iэщ Iэлъ мэIу хьурейр и джабэм кIэрекъуэз, джатэ Iэпщэр быдэу икъуащIи, Iэ ижьым и пIэкIэ хьэдзэгъэй кьыпыкIа хуэдэ, и дзэпкъитIыр пIыз зэрыхуэдэжэр пкъыкIэ зыхишIэу кьыщIохьу. Абы зэхуеГъэхъу биидзэм зэрыхьэльэдэну щIыкIэр, япэу зызытришэщIэнур, кьыкIэлъыкIуэу хигъэщIынур... Хуегъэфащэ, зэпебж, зэпешэч.

ЩIалэм и нэгу кьыщIоувэ набгъэхьуа и анэ тхьэмыщIкIэр, Ахей Iэщ IэукIа, си нэгу кьыхуэмыщIэж и адэм йогупсыс, си щIыфэм гъущапIэ кьытемынаеу дэрдэнейхэм зэхауащэ пщащэмкIэ и щхьэр мажэ... Губжьыр нэхъри кьызэщIохъае, Алэдамэ и Iэпщэм гъащIаер кьыщIалъхьэу, хьэщхьэрыIуэ гущIэгъунщэр кьызэщIигъэшэу. Уэрышыкъуэ зэрыт зэхихьжыркъым, и бгъуитIымкIэ кьыщыт лIыхъужьэкIэ нэрыбгей ябгэмрэ гуяльитхэхэркъым. Уеблэмэ, абы и нэр зытедиар кьапэува лIы щэ ныкъуэрэкъым. Абыхэм я щIыбагъ кьыздэтыжу, дэрдэнеипщ бзаджэнаджэрэ, нэщанэуапIэу и нэр зытригъапсэр.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Псалъэгъэнахуэ

***Джэтэр гъуэгу** - расстояние, на которое отбрасывается копье

***Джьей** - лещина (лесной орех)

***Дзажэпхъэбгъу** - атлетическое телосложение (сплошнореберный)

***ЗэхэIэзэхпхуэ** - тревога, паника

***Мэбжэрыlуэ** - шептать что-то, молиться

***Зэшхуэзэесу** - наровне, не уступая друг другу

***Бэсыдж** - Бейсуг, река, впадающая в Азовское море и название местности

***Кущэпкъэщэ** - усталость от боли в теле

Хьэдзэгъэ - вид старинного меча

***Зыкъахуапэщ** - Пасэрей дзэгъащтэхэм фащэ плъыжь ящIыгъу щытащ.

ТхьэкIумашэ Михаил и псалъэ.

Лэжьыгъэ телъыдэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуэзджэхэмкIэ музейм ныщхьэуIум и 28-м къыщыгъэIуахащ КъБР-м и Сурэтыщ Iэхэм я лэжьыгъэхэм я отчёт гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн. Абы хагъэхьащ республикэм и художникхэм я Iэдакъэщ Iэкiэгъэ.

ХАБЗЭ хъуэуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу художественнэ гъэлъэгъуэныгъэ щхьапэхэр къэзыIуах. Выставкэм сурэтыщI Iэзэхэм я живопись, графикэ лэжьыгъэ телъыджэхэр къызэщIаубыдэ, республикэм исхэми гъуэзджэм и цIыхухэми ахэр гъэщIэгъуэн ящ.хъу. Апхуэдэу КъБР-м и Сурэтыщ Iэм я лэжьыгъэхэм и отчёт гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ Зеленская Юлие, Ермолаевэ Аннэ, Хорошилов Олег, Акъсырэ Викторие, Плотников Василий, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Мамбэт Пётр, Жылэ Анатолэ, Мысачэ Мурат, Баккуев Владимир, Ерчэн Исуф, Ахматов Лиуан, Колкутин Андрей, Маргъуд Анатолэ, Мамоновэ Светланэ, Иванниковэ Ольгэ, ДзыцIрхуеев Руэанэ, Къармэ Аслъэн, Новиковэ Еленэ, Хэжь Алик, ТхьэкIумашэ Михаил, Гейдеброт Еленэ, Юзбашев Мурад, Тумэ Аслъэн, МэкIуауэ-ТекIуий Динэ, Хъалил Миланэ сымэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр.

- Зи сурэтхэр, гъуэзджэ хьэпшыпхэр выставкэм хагъэхьа художникхэми абыхэм епльыну зыкърезыгъэхьэлIахэми си гуапэу сыныбжьхъэхъу! - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Мухьэдин**. - Лэжьыгъэ щхьэхкIэплъыкIэхэм фи гукъыдэжым зэрыхагъэхъуэнум шэч кIыхьтесхьэркъым. Гъуэзджэ хьэпшыпхэм утепсэлъыхьын нэхъыр уеплъынкъ куэдкIэ нэхъ гухэхъуэгъуэщ, дауи.

КъБР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгурыIуэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадийрэ** УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэкIумашэ Михаилрэ** фIыщIэ хуащIащ гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэм къекIуэлIакъэм.

Выставкэхэм зрагъэхьэлIащ республикэм и сурэтыщIхэм, гъуэзджэр фIыуэ зыльгъэкъуэм, къалэм и хьэщIэхэм. Аэрэ фокIадэм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Я гур къызэрогъуэтыж

● Футбол

«Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Каспийск. «Анжи арена» стадион. ФокIадэм и 1-м. ЦIыху 50 еплъащ.

Судьяхэр: Холин, Охрименкэ (тIури Мейкъуапэ щыщщ), Городовой (Ставрополь).

«**Мэхъэчкъалэ**»: Гаджиев, Зайцев, Агаларов, Исаев, Гитинов, Корголоев (Галбацдибиров, 62), Гираев (Абдуллаев, 66), Темуков, Абурагимов (Абдулхаликов, 69), Газимагомедов.

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Клышэ (IэщIн, 70), Сындыку (Запалацкий, 88), Ольмезов, Хъэшыр, Дзэхъу, Iэпщащэ (Салахетдинов, 68), Шаваев, Ашу, Бацэ (Апажэ, 79).

Толхэр дагъэкIащ: Бацэм, 45 (0:1). Газимагомедовым, 74-пенальтикIэ (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Шаваевым.

86-нэ дакъикъэм Шаваевым пенальтир худэгъэкIакъым.

ЗЭХЭТУ 0:9-уэ иужь джэгуГуитIым къызэрыхагъэщIам «Спартак-Налшыкым» къикIуэтыпIэ къыхуиГэнэжатэкъым. Абы къиргъэлъэгъуэн хуейт гугъуехьхэм зэрырамыщIыкIар икIи гуп зэкъуэту къызэрынэжыр. «Мэхъэчкъалэ» командэм фокIадэм и 1-м дригъэкIуэкIа зэIущIэм ди гур фIы къищIыжащ.

Джэгум зэрыщIидзэу хэгъэрейэр ипэкIэ кIуэтэну яужь ихьащ. Арщхьэкlэ налшыкдзсхэм апхуэдизу лъэщу зыкърагъэбыдэкIати, къыбгъэдыхьэпIэ краткъым. Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» щIэхщIэхыурэебгъэрыкIыныгъэ лъэщхэр къызэригъэпэщырт. Дыкъитегъэгъазэу зэIущIэм и япэ Iыхьэм и ныкъуэр кIуаузщ, арщхьэкIэ топыр абы хуэзэкъым.

Иужь джэгуГуитIым зи гур ириха «Спартак-Налшыкым» зыкъыщищIэжьпар зэIущIэм и 45-нэ дакъикъэм ирихьэлIэщ. Псом нэхъри нэхъ жыджэр Бацэ Къантемыр хэгъэрейхэм я гъащIэхьэхъуэмэхэм яIощIэкIри, зыхэт гупыр япэ иригъэщащэ командэхэр загъэпсэхуну икIащ.

Къыпщыхъунут етIуанэ Iыхьэр «Мэхъэчкъалэм» иебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм къыщидзэну. Хэгъэрейхэр абы хущIэхуауи къыщIэкIынущ, арщхьэкIэ ди щIалэхэм апхуэдэ Iэмал иратакъым. Уеблэмэ, езыхэр къаруушхуэкIэ ипэкIэ кIуэтащ, мэхъэчкъалэдэсхэр я гъуэм ирагуIыжауэ.

Ущыгугъ хъунут мыгувэу бжьыгъэр бэгъуэну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къызэрыхъар нэгъуэщIуц - я хьэрхуэзрэгъуэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ закъуэтIакъуэхэм ящищ зыр къыщIэзэпаудым, «Спартак-Налшыкым» и гуащэхьэхумэхэр топджэгу хабзэм ебэкъуащ. Пенальти. Газимагомедовым ар Iэзэу игъэзащIэри, бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

КъащIыщIа щIэщъуэм налшыкдзсхэр игъэгубжьащ. Абыхэм «Мэхъэчкъалэм» щыджэгуэм я щхьэр къраГэзэтIыжьртэкъым икIи текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэным зымащIэ дыдэщ иIэжар. ЗэIущIэр иухыным дакъикъэ зыплIытху фIэкIа къэмынэжауэ, «Спартак-Налшыкым» Iэмал игъэтащ метр пщыкIуым и деж щыту гъуэм еуэну. Пенальти зыгъэзащIэ хабзэ Бацэ Къантемыр абы ирихьэлIэу яхъужкати, ар пщэрылъ щащIащ Шаваев Магомед. Ди жагъуэ зэррыхъунщи, къикIа щыIэкъым. Шаваевыр зэуа топыр гуащъкъым техуэри, кхъпеижащ.

Дагъыстэнэм зэрытемыгъэкIуэу къызэрикIыжар ехъулIэныгъэ мащIэкъым. Ауэ нэхъыбэу дызыщыгуфIыкIар ижь зэIущIэхэм къалъыкъуэкIа гугъуехьхэм «Спартак-Налшыкым» щыджэгуэм я гур зэрыримыхарщ икIи куэдкIэ уащыгугъ зэррыхъунурщ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Илщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ зэхэта зи чэзу джэгуГуэм кърикIуа бжьыгъэм: «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Алания**» (Владикавказ) - **0:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - 1:1, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Урожай**» (Краснодар) - **2:1**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **2:2**, «**Интер**» (Черкесск) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **1:0**, «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - 0:1.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Илщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хьIхьэ къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр фокIадэм и 8-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблагъэнущ зэпеуэм пашэныгъэр щызыIыгъэм ящыщ «Динамо-Ставрополь» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Илщэ» гупым 2019-2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Дружба»**	**7**	**6**	**1**	**0**	**12-5**	**19**
2. «Волгарь»	7	5	1	1	15-4	16
3. «Динамо-Ставрополь»	7	5	1	1	15-5	16
4. «Черноморец»	7	3	2	2	12-7	11
5. «Мэхъэчкъалэ»	7	3	2	2	5-3	11
6. «Алания»	7	3	1	3	10-9	10
7. «Биолог-Новокубанск»	7	2	4	1	5-5	10
8. «Краснодар-3»	7	2	3	2	10-14	9
9. «Спартак-Налшык»	**7**	**2**	**3**	**2**	**9-14**	**9**
10. «Мэшыкъуэ-КМВ»	7	2	2	3	9-5	8
11. «Интер»	7	2	2	3	6-10	8
12. «Легион Динамо»	7	2	2	3	5-13	8
13. СКА	7	2	0	5	5-9	6
14. «Анжи»	7	0	5	2	8-10	5
15. «Урожай»	7	0	3	4	6-12	3
16. «Спартак-Владикавказ»	7	0	2	5	3-10	2

Судыр къыпоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым суд щытращIыхьынущ хабзэм къемызэгъыу фадэхэкI къыщIигъэкIыу щэч зыхуащI цIыхубзым. Урысей МВД-м Аруан районымкIэ и къудамэм и Следствэ IэнатIэм и кIэм нигъэсащ абы теухуа уголовнэ Iуэхум хэплъэныр.

СЛЕДСТВЭМ къызэригъэлъэгъуамкIэ, Урысей МВД-м Аруан районымкIэ и къудамэм къыIэрыхьа хъыбарым тету 2018 гъэм и щэкIуэгъуэм къыщIагъэщащ Аруан къуажэм КIэфохэ я уэрамым тет уней лъапсэм хабзэм къемызэгъыу фадэхэкI зэрыщагъэхьэзырыр. Абдежым къыщытрахащ спиртымэ къызыхих пкъыгъуэ зэрыт, фадэ къыщIэзыгъэкI урысей фирмэхэм я этикетхэр зытегъэпща литр ныкъуэ птулькIэ 840-рэ, фадэхэкI къыщIэзыгъэкIыным зэрелэжь Iэмэпсымэ зэмылэужьыгъэхэмрэ литр мин зэрыкуэ кумбыгъэрэ, электрическэ насос, этикетхэкъэрэ щхьэтелъхьэхэмрэ.

Къэлъыхьэныгъэ Iуэхум щыпащэм щэхуу лажьэ цехым и къызэгъэпэщакIуэр наIуэ ящащIащ. Ар Старэ Шэрэдж къуажэм щыщ илъэс 33-рэ зи ныбжь цIыхубзыщ - абы зиумысыжащ.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и Iуэвнэ кодексым и 171.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм, 171.3 статьям и 3-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Къардэн Исмэхьил и къэрэгъулыр аргуэру токIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ Iуэхущ Iапl эм и мафIэс-къегъэлакIуэ часть №99-м щыIэхэтащ «2019 гъэм и къэрэгъул нэхъыф I» еплъыныгъэ-зэпеуэ. Ар ирагъэкIуэкIащ Iуэхущ Iапl эм и унафэщ Iэм я хьэзырыныгъэмрэ Iэщ Iагъэм зэрыхуэIэжьжьымрэ хэгъэхъуэн, апхуэдэуи мафIэр гъэункIыфIыным, цIыхухэр къегъэлыныбжьIэ къалэнхэр зэфIэхыным хуэхьэзыр къэрэгъул нэхъыфIыр къыхэхын мурадкIэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР мафIэс-къегъэлакIуэ къулыкъум и пресс-Iуэхущ Iапl эм и унафэщI Сэбан Арсен къызэрыджиIащи, еплъыныгъэ-зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэс-къегъэлакIуэ Iуэхущ Iапl эм и Iэнатl эхэм япэ увыпIэхэр къыщызыхьа бжьыгъэр гулъхэр. Дэтхэнэ гупри цIыхуих хьурт (къэрэгъулыр, къудамэм я унафэщIхэр, транспортыр зэзыгъакIуэр, мафIэсгъэункIыфIым и 3). Дэтхэнэ упражненэри мафIэсгъэункIыфIым и фащэр ящыгъуэ я гъэзэщIащ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм кърикIуаxэмкIэ, нэгъаби хуэдэу, бжьыпэр иубыдащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт мафIэс-къегъэлакIуэ часть №9-м (унафэщIэр Жанкъазий Хьэзрэталийщ) и плъыр-къэрэгъул №24-м: Къардэн Исмэхьил (къэрэгъулым и унафэщIщ), ЦIыпIэнэ Аслъэнэ (къудамэм и унафэщIщ), Тэтрокъуэ Заур (шофёрщ), мафIэсгъэункIыфIхэу Даур Ильяс, Лъэпщокъуэ Ахьмэд, Зыщхъуэжь Мусэ сымэ зыхэта гупым.

ЕтIуанээIущ ящыщ Iэщ Iагъэм зэрыхуэIэжьжьымрэ мафIэс-къегъэлакIуэ часть №20-м (къэрэгъулым и унафэщIщ Дыщэкl Залымщ) и плъыр-къэрэгъул №91-м. Май къалэм и мафIэс-къегъэлакIуэ часть №96-м (къэрэгъулым и унафэщIщ Уэлджыр Замирщ) и плъыр-къэрэгъул №3-р ещанэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **Сэбан Арсен** *трихащ.*

Усакlуэ, тхакlуэ къудейтэкъым

● Фэеплъ

Усакlуэ, тхакlуэ, журналист, егъэджакlуэ, жылагъуэ лэжьакlуэ, УФ-м и Тхакlуэхэм Журналистхэм и зэгухьэныгъэхэм хэт, «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакlуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща КIэмыргуей Анатолэ псэужамэ, щыщхьэуIум и 3-м и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.

КIэмыргуей Анатолэ и «ЩIыгулъ Iэмыщ1э» япэ уэсэ тхыльыр. Абы гуапэу Iущ1ауэ щытащ критикхэри, усакlуэ, тхакlуэ нэхъыжьхэри, и къуажагъуэхэри, и лэжьгъуэхэри, иригъаджэхэри.

КIэмыргуей Анатолэ и усэхэр, сонетхэр, сонет зэхэуэхуэнахэр, Iуэтэжхэр, балладэхэр, басня хэр, литературэ псысэхэр, новеллэхэр, уэрэдэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэкIэ зыIыбанэ къыдэкIащ. Абыхэм ящыщ куэд газетхэмрэ журналхэмрэ ноби къыхуохуэ, радиокIи телевиденэкIи къат. Анатолэ ящыщт зи къалэмыпэр ныбжьыщIэхэми балигъхэми яхуэзыгъабзэ закъуэтIакъуэхэм. Сабийхэм яхуэгъэзауэ абы къыдигъэкIащ «Удз гъэгъахэр, жыгхэр, сэ» тхылъ цIыкIур. А тхылым гуапэу тетхьэкIауэ щытащ Москва къыщыдэкI «Сабий литературэ» журналыр.

Адыгэ тхакlуэхэм ящыщу новеллэ, балладэ, басня, сонет жанр лIэужьыгъуэхэм елэжьар икIи екъулIэныгъэ щызыIар мащIэщ. Абы къыхэкIыу КIэмыргуейр пщIэ лей зыхуэфащэ тхакlуэщ. А жанрхэм иту и Iэдакъэ къыщIэкIахэм ар зэрегугъуэр Iупщ1щ, гупсысэ жанкIэ, гурыщIэ куукIэ, жыIэкIэ щэрыуэкIэ сыт щыгъуи игъэщIыну къызэрехъулIар къэплъытэмэ. И сатыриті, сатырилI, сатырих усэхэр адэ-анэм, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм, хабзэм, нэмысым, хьэл-щэным, дунейм и къэхъуакъащIэхэм, гъэм и зэманхэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм теухуащ. Усакlуэм и тхыгъэ нэхъыбIхэр ягъэщIэращIэ, щIэщыгъуэ ящ1 абыхэм IэкIуэплъакIуэ къыщигъэсэбэпа троп зэмылIэужьыгъуэхэм, бзэм и Iэмалхэр щэрыуэу и тхыгъэхэм зэрыихуэхунам. Къыжьыапхъэщ, пасэрей усэ гъэпсыкIэм ижь зыщIихуа и тхыгъэ зыбжанэ абы псом хуэмыдэжу къызэрехъулIар. Апхуэдэщ, абы и «Хьэщокъуэ» литературэ псысэ гъуэзэджэр.

- Махуэ хуабэм псынэпс щIыIэкIэ зыптхьэщIам ещхьу, уи гум зегъэпсэху КIэмыргуей Анатолэ и усэхэм ущеджэкIэ, - жеIэ Хьэх Сэфарбий.

КIэмыргуейр усакlуэ, тхакlуэ къудейтэкъым, атIэ жылагъуэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэми хыджэру хэтащ. Курыт еджапIэхэм, къуажэ клубхэм ирагъэблагъэрэ щIэблэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ лэжьыгъэхэр ядригъэкIуэкIырт. Ар хэтащ «Лъэпкъым и гъуджэ» псалъащхьэм щIэту республикэм щекIуэкIа телевизионнэ зэпеуэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ 1997 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щекIуэкIа адыгэ уэрэдыжьхэм я фестивальм, ди республикэм и уэрэджэкIауэхэм я зэхьэзэхуэхэм. А зэхьэзэхэм КIэмыргуейр лауреат щыхъащ икIи саугътэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

ТхакIуэр 2007 гъэм жэпэгъуэм и 30-м дунейм ехыжащ. Ар щыщIалъхьэжащ къыщалъхуа Малкэ къуажэм. И Iэзагъэм хигъахъуэ зэпыту, дуней еплъыкIэ щхьэхуэ, макъ щIэщыгъуэ, хъэтI екIу зиIэж усакlуэу, тхакlуэу адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа КIэмыргуейр лъэпкъым щыгъупщэнукъым. Фи пащхьэ идолъхьэ КIэмыргуей Анатолэ и Iэдакъэ къыщIэкIахэм ящыщ усэ зыбжанэ.

БЖЬЫХЬЭЛI Роз э.

КIэмыргуей Анатолэ и усэхэр

Дэрэжэгъуэ

Зы гурыщIэ гуэр уэ хъэпIущэщу,
Iэрэ Iуэхурэ щIэзэхуэпхь кIудейр
ИкъукIэ дэрэжэгъуэщ зэфэззэщу,
Ар щымыпэублэми уи дей.

Ауэ а теплъэгъуэр щынэхъапэр,
И Iэфыплъэр къэпщIурэ сэтей,
Iуэху зэщIам нэхъ куэдкIэ бгъэнэхъапэу,
КъыкIэлъыкIуэр щыбубзыхуэм дейщ.

А гурыщIэ «гуэрми» зиIэтауэ,
И цIэ, и щхьэ хъущIилъыхъуэр-щэ?..
Iуэхум и лъагапIэр къэбгъуэтауэ,
Уи щхьэм щIидзэу арщ, къуэш, пэщэщэн.

Сыдэсщ къуажэм зы щIалэжьу

Сыдэсщ сэри къуажэм зы щIалэжьу,
Зэныбжьэгъуэхэм зыкIи захэзмыщ.
Гуащ Iэдэкl хьэлэмкIэ къысхуэлэжьым
Нэмыщ1 си гум тыгъэ схухуэмыщ1.

Сыдэсщ сэри къуажэм, сызыхуэдэм
Iуэху дехьэжьэм, зыхэзмыщIэу еш,
Сэ лэжьыгъэу мы щIылъэм щысIэтри
Си Iэпщ1тIым щызолъагъу я деж.

Хызогъэщ1 сэр-сэру си гъуэгуанэм,
Жьыбгъэм зыкIэрысщIэ си мыхьэл.
Си Iэпщ1тIкIэ згъэпсырщ си тэхъуанэр.
Си Iэдакъэр сэркIэ ирокъу щхьэл.

Мис абы къыщIэкIырщ си хьэлури -
ЩымыIэн нэхъ лъапIэ ерыскъы.
Мис абы къыщIэкIырщ си ежьури,
Си уэрэдым нобэ хуэхъури пкъы.

Уэрэд жызоIэ сэри

Дежьуэу гури псэри,
Уэрэд жызоIэ сэри -
Зы псалъэ сфIощI хущIыщIэ,
А псалъэр щыIэщ, сощIэ,
Ауэ здэщыIэр дэнэ?
Гупсысэр зэпымычу
Изошыр сэ фэдэну,
Си нэгум щIэтщ щIэмычэу
Уэрэдым щIыхуу пэплъэр.
Мы си гур уэху зэщIэплъэу,
Солъэхъуэ сэ а псалъэм.
Ди мэзхэр щIызощыкIыр.
Губгъуэм гъавэ щыкIри
Си нитIым и хъуэпсалъэщ.
Къэзгъуэтхэм сахэдэжрэ
Къаэсхэр си Iэдэжми,
Чэм псалъэр сухужмыIэ -
Уэрэдым кIэ имыIэ.
НэхъыфIым сыхущIокъур,
Насыпщ, жи ар, КIыщокъуэм.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхэжр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапl эхэм я дэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэмрэ щIыуэпсыр хъуэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарегъащIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэхьэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатl эм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэзыдзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ Iапl эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч**, *корректорэу* **Нэужьокъуэ Заиф** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бешто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатl эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн гуэрыгуэ схьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.083 ● Заказ №791